


COVID

COVID-19 se yon kalite kowonaviris ki ka lakòz maladi dire kout oswa dire long e pafwa lanmò.



Vaksen COVID-19 mizajou yo disponib pou tout moun ki gen laj 6 mwa oswa plis. Vaksen yo pwoteje oumenm ak moun ki bò kote w pou nou pa vin malad grav avèk



Kimoun ki riske gen maladi grav?

- Granmoun aje yo
- Tibebe ak timoun piti ki poko gen 5 lane
- Moun ki gen sistèm defans ki febli
- Moun ki gen sèten andikap
- Moun ansent yo
- Moun ki gen sèten pwoblèm sante

Kisa sentòm yo ye?

- Lafyèw oswa frison
- Difikilte pou respire
- Tèt fè mal
- Doule nan kò
- Malgòj oswa tous
- Nen k ap koule oswa konjesyon
- Kèplen oswa vomisman
- Vin pa ka pran gou oswa pran sant

Kijan li transmèt?

COVID-19 transmèt lè yon moun ki gen viris la touse oswa etènye, oswa lè yon moun manyen sifas ki gen viris la sou li epi apres a li manyen figi l.

Viris la ka transmèt bay lòt moun anvan yon moun ki enfekte gen nenpòt sentòm.



Eskane Kòd QR a pou jwenn plis enfòmasyon.

Kontakte pwofesyonèl swen sante w si w gen kesyon. Jwenn swen medikal gratis oswa ak pri ba, menm si w pa gen asirans. Vizite phila.gov/primary-care.

Limite pwopagasyon COVID-19 la:

- ☒ Pran vaksen
- ☒ Lave men w souvan
- ☒ Evite kontak pwòch avèk moun ki malad
- ☒ Kouvri bouch ou lè w ap touse ak etènye
- ☒ Rete lakay ou lè ou malad
- ☒ Mete yon mask si ou malad
- ☒ Netwaye sifas moun manyen souvan yo epi pran dispozisyon pou rann lè a pi pwòp



Vaksen kont COVID-19

Viris yo gendwa chanje avèk le tan. Yo mete vaksen COVID-19 yo ajou pou ba w pi bon pwoteksyon an kont souch k ap sikile kounye a yo.



Èske vaksen kont COVID-19 yo san danje?

Wi. Tout vaksen kont COVID-19 nouvo ak mizajou yo sibi tès an pwofondè anvan FDA apwouve yo.

Plizyè milyon moun te resevwa vaksen kont COVID-19 yo, epi CDC siveye anpèmanans sekirite ak efikasite vaksen yo.

Kimoun ki ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19?

Tout moun laj sis mwa oswa plis ka resevwa vaksen kont COVID-19 mizajou a kounye a.

Moun ki gen sistèm iminitè febli epi paran timoun ki pi piti yo ta dwe pale avèk founisè swen sante yo a sou nesesite pou resevwa plis pase yon sèl dòz sezon sa a.

Vaksen kont COVID-19 la rekòmande espesyalman pou moun ki gen pi gwo risk pou maladi grav, sa gen ladan:

- Timoun laj ant 6 mwa ak 23 mwa
- Adilt laj 65 lane oswa plis
- Moun ki gen sistèm defans ki febli
- Moun ki ansent
- Moun ki gen pwoblèm sante kwonik, tèlke maladi poumon, dyabèt, ak pwoblèm kè



Poukisa mwen ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19?

Lè ou pran yon vaksen kont COVID-19, sa bese risk ou pou malad grav oswa pou lanmò akòz COVID-19.

Lè ou rete ajou avèk vaksen kont COVID-19 ki pi resan yo, sa pwoteje w kont souch viris k ap sikile nan moman an.

Kesyon pou w Poze Pwofesyonèl Swen Sante W

- Èske m gen nenpòt pwoblèm sante ki ta ka mete m nan plis risk pou m vin malad gravman avèk COVID-19?
- Si m santi m malad, kisa m dwe fè pou sante m epi kijan m ka pwoteje moun ki bò kote m yo?